



Olga Hugelmeyer, Ed.D.
Sipèentandan Lekòl yo

Jennifer A. Campel
Direktris Lekòl la

Sandra M. Evaristo
Wilnus Jilus
Asistan Direktè

Mwa Dawou 2025

Chè Paran/Gadyen ak Elèv yo,

Nou menm, tout estaf, nan Lekòl *Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3*, nou onore epi nou kontan anpil pou akeyi tout elèv ak manm fanmi nou yo nan ane lekòl 2025-2026 k ap kòmanse Jedi 4 Septanm! Pwomès nou se bay chak timoun yon anviwònman kote yo kapab devlope kapasite kreyativ epi reyalize ekselans. Nou kwè chak elèv kapab, epi pral aprann nan nivo ki pi bon pou rive jwenn pi gwo potansyèl edikasyonèl nan yon anviwonman ki gen sekirite, solid, ak bon jan akèy.

Tanpri pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an, ak lyen Retounen Lekòl la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou rantrè lekòl la. Nan paj ki pi ba a, nou tou ba ou anpil nan enfòmasyon ki deja sou sit entènèt distri a pou ou kapab gade epi revize kounye a.

PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDI POU RANTRE AK RANVWAYE LEKÒL

Ane lekòl 2025-2026 la, ap kòmanse Jedi 4 Septanm 2025. Enstriksyon ap fèt nan lè 8:20 a.m. pou rive 3:00 p.m. Nan lide pou ede fasilite bon jan tranzisyon ak lòd pandan tan lekòl ap rantrè ou byen ap ranvwaye, nou mande ou tanpri respekte pwosedi sekirite sa yo:

- Tanpri gade epi sonje nimewo klas elèv la ki sou kouvèti anvlòp la.
- Elèv ki nan Klas **6-8** k ap pran manje maten nan lekòl la, kapab antre nan batiman an nan Pòt devan yo apati 8:00 a.m. pou rive 8:15 a.m.
- Elèv klas K-6 ap pran manje maten nan klas apati 8:25 a.m.
- Tout pòt lekòl la ap louvri apati 8:20 a.m. pou tout elèv yo. Tanpri, pa lage pitit ou nan lakou lekòl la pou kont li anvan Pòt lekòl la louvri. Elèv Klas K-5 ap rantrè dirèkteman nan klas yo. Elèv Klas 6-8 ap rantrè nan Kafeterya a kote pwofesè ap vin pran yo.

Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3
Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3 Annex



- Elèv ki rive **apre 8:25 a.m.** ap antre nan pòt antre prensipal lekòl la. Elèv sa yo anreta epi n ap make yo anreta. Lèfini, y ap tonbe anba disiplin lekòl la.
- Elèv yo ap ranvwaye a 3:00 p.m. nan pòt ki deziyen pou klas yo. Tanpri, fè tout efò pou ou vin cheche pitit ou alè.

Antre ak Sòti nan Batiman an

- Elèv Kindergarten ap antre nan epi sòti nan zòn Klas Kindergarten. Ranvwa apati 2:55 p.m.
- Elèv nan Klas 1-2 Ap itilize eskalye No. 2 pou rantre/ sòti sou South Seventh Street (Depoze/Vin cheche ap fèt nan lakou a). Ranvwa ap fèt apati 3:00 p.m.
- Elèv nan Klas 3 LLD, Klas 4 LLD, ak Klas 5 LLD ap itilize antre prensipal la.
- *Elèv Klas 3-4 ap itilize Eskalye No. 3. Elèv yo ap aliyen sou twotwa nan maten epi y ap ranvwaye nan Pòt sou High Street. Ranvwa ap fèt apati 2:55 p.m. (Nouvèl Pwosedi)*
- Elèv nan Klas 6-8 Ap rantre chak maten nan Antre prensipal la.
- Elèv nan Klas 6-7 Ap itilize eskalye sou High Street ak Antre Prensipal pou ranvwa.
- *Elèv nan Klas 8tyèm Ane ap rantre nan Antre Prensipal la, epi y ap sòti nan Eskalye No. 1 sou South Seventh Street. (Nouvèl Pwosedi.)*

Antre ak Sòti nan (Annex) Batiman Akote a - Klas 4 & 5

- Tout elèv ap antre apati 8:20 a.m. epi y ap sòti apati 3:00 p.m. nan pòt dèyè ki bay sou lakou lekòl batiman akote a sou Anna Street. Elèv ki vin lekòl apre 8:25 a.m. dwe itilize rantre Bond Street; anplis elèv say o konsidere anreta. Rantre prensipal lekòl la sou 943 Bond Street. Paran ak vizitè dwe itilize antre prensipal la lè yo genyen pou vini nan batiman lekòl.
- Elèv nan Klas 4 & 5 nan (Annex) Batiman akote a, kapab antre nan batiman an pou manje maten apati 8:00 a.m.

Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3
Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3 Annex

700 Second Avenue, Elizabeth, New Jersey 07202 • Ph: 908.436.6230 • Fax: 908.436.6220
943 Bond Street, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.409.6372 • Fax: 908.436.6220
Email: campelje@epsnj.org • Website: www.epsnj.org



KALANDRIYE LEKÒL EPS

Nou mande pou ou gide epi sipòte edikasyon pitit ou nan fason w ap asire ou li ale lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj pandan jounen an.

Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane lekòl 2025-2026, tanpri vizite lyen sa a:

[School Calendar for 2025-2026 SchoolYear.pdf \(epsnj.org\)](https://www.epsnj.org/School_Calendar_for_2025-2026_SchoolYear.pdf).

ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU PARAN

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou kolekte, estoke, epi kenbe enfòmasyon ak dosye enpòtan elèv yo. Aplikasyon an bay paran aksè nan enfòmasyon ki gen rapò ak orè elèv la, prezans, nòt, ak pwogre akademik menm moman yo disponib la; li ofri tou yon fason pratik pou paran ak pwofesè kominike jan sa nesèsè. Se poutèt sa, tout moun rete konekte. Orè pou ane lekòl 2025-2026 k ap vini an ap pare pou ou wè sou PowerSchool apati Lendi 18 Dawou.

ANSYEN AK NOUVO PARAN EPS

Paran nouvo elèv yo dwe mande yon nouvo kont pou yo kapab antre tout enfòmasyon ki nesèsè pou navige Pòtal Paran PowerSchool la. Ansyen paran yo, ap bezwen konekte, antre, epi mete ajou nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak pitit ou.

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige PowerSchool Parent Portal, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](https://www.powerschool.com).

Si ou gen difikilte teknik pandan w ap cheche jwenn aksè enfòmasyon nan PowerSchool pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou oswa vizite sit entènèt EPS la nan [Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)](https://www.epsnj.org/Student_Support_Services/Student_Registration_(PreK-12)_epsnj.org). Lè w rive nan paj la, tanpri klike sou tab "PowerSchool Parent Portal Help". Tanpri, desann epi klike sou lekòl pitit ou a kounye a. Lè sa a, yo pral mande ou ranpli yon fòm kontak sou entènèt. Apre ou fin klike sou bouton « Save and Done » ki anba a, yo pral soumèt demann ou an epi yon moun nan lekòl la pral kontakte ou byen vit.

ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU ELÈV

K-8:

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige PowerSchool Parent Portal, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](https://www.powerschool.com).

Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3
Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3 Annex

700 Second Avenue, Elizabeth, New Jersey 07202 • Ph: 908.436.6230 • Fax: 908.436.6220
943 Bond Street, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.409.6372 • Fax: 908.436.6220
Email: campelje@epsnj.org • Website: www.epsnj.org

RÈGLEMEN POU INIFÒM

Objektif kòd abiman EPS la se pou pwomouvwa yon imaj pozitif ak pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt nan ledikasyon se objektif prensipal kòd abiman ansanm ak ankouraje yon anviwònman ki fasilite disiplin ansanm ak ledikasyon. ***Elèv la dwe mete inifòm lekòl la chak jou.***

W ap jwenn règleman sou inifòm lekòl pitit ou sou sit entènèt <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri souple, gade ***“Uniform and Dress Code Policies”*** epi swiv enstriksyon ki bay. Paran, n ap mande koperasyon ak sipò ou konsènan respè pitit ou dwe genyen pou règleman sou inifòm nan. Elèv ki pa respekte règleman inifòm lekòl la p ap gen dwa antre nan batiman lekòl la nan Jedi 4 Septanm oswa nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo Direktè lekòl la si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman inifòm lan.

Tanpri, pa ezite kontakte biwo lekòl la si ou gen kesyon sou règleman pou inifòm nan.

	Grades PK – 3	Grades 4-8
	Navy blue polo shirt * Khaki colored pants/shorts Navy blue socks Appropriate shoes with rubber soles and backs. School navy blue cardigan sweater	Navy blue polo shirt * Khaki colored pants/shorts Navy blue socks Appropriate shoes with rubber soles and backs. School navy blue cardigan sweater
Girls	Grades PK – 3	Grades 4-8
	Navy blue polo shirt * Khaki colored pants/shorts/skirt Navy blue socks Appropriate shoes with rubber soles and backs. School navy blue cardigan sweater	Navy blue polo shirt * Khaki colored pants/shorts/skirt Navy blue socks Appropriate shoes with rubber soles and backs. School navy blue cardigan sweater

*****SÈLMAN** Gwo mayo kouvri tèt Lekòl No. 3, ble solid elèv otorize pou mete nan lekòl la nan moman li fè frèt.

*****Elèv pa otorize pou rantre nan lekòl la ak okenn lòt mayo oubyen chanday.**

Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3
Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3 Annex



*****Sandal ki rele « Crocs », Sapat, pantouf oubven lòt kalite sandal trennen pa otorize nan lekòl la.**

APARÈY ELEKTWONIK

Pre-K:

Enplemantasyon « iPads » nan klas matènèl bay yon opòtinite pou elèv pi piti nou yo devlope jan yo aprann ak teknik atravè eksperyans ki apwopriye pou devlopman yo. Pandan « iPad » ka sèvi kòm yon zouti pou ede ranfòse ladrès nan domèn lekti, ekriti ak matematik, li kapab tou bay elèv lekòl matènèl opòtinite pou envestige, eksplòre, ak kreye nan anviwònman timoun piti.

Aplikasyon iPad entegre san pwoblèm nan kourikoulòm lekòl matènèl nan lè aktivite anndan klas la. iPad amelyore edikasyon elèv yo pandan li bay yo opòtinite pou rakonte ak kreye pwòp istwa yo, envestige ak eksplòre nouvo kote enteresan ak divès kilti, kaptire aprantisaj yo atravè pòtfolyo elèv yo kreye, epi ranfòse konpetans atravè liv ak aplikasyon pou aprantisaj.

K-8:

Pou kèk ane ki sot pase yo, lekòl nou an te fonksyone kòm yon lekòl teknoloji 1:1; epi kòm rezilta, tout elèv yo pral kontinye itilize yon òdinatè pòtab pou ansèyman chak jou nan klas yo. Elèv yo ta dwe fè tout efò posib pou pran swen laptop yo pandan ane lekòl la, paske se yon privilèj espesyal. Enplemantasyon teknoloji 1:1 nou an ap kontinye asire elèv nou yo rive nan nivo konpetitif ki nesèsè pou ankouraje preparasyon pou kolèj ak karyè. Tout elèv dwe vini lekòl chak jou, ak laptop ki chaje, ansanm avèk kòd ki pou chaje laptop la.

NOUVO ELÈV

Tout nouvo elèv nan distri a ap resevwa laptop nan premye semèn lekòl la.

RETE KONEKTE

Resevwa Rapèl/Mizajou Lekòl yo atravè Mesaj Tèks!

Enskri pou resevwa mesaj ki soti nan lekòl pitit ou ak nan Lekòl Piblik Elizabeth

ENSTRIKSYON POU NOUVO AK ANSYEN PARAN

Li trè enpòtan pou nou gen adrès kay ak/oswa nimewo telefòn ki pi ajou pou nou ka kontakte ou nan ka yon ijans oswa pou diskite sou pwogrè pitit ou. Tanpri, asire ou mete ajou enfòmasyon,

Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3
Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3 Annex

700 Second Avenue, Elizabeth, New Jersey 07202 • Ph: 908.436.6230 • Fax: 908.436.6220
943 Bond Street, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.409.6372 • Fax: 908.436.6220
Email: campelje@epsnj.org • Website: www.epsnj.org



kontak ou lè ou konekte sou « PowerSchool Parent Portal » la; epi ranpli fòm Enfòmasyon Ijans ou jwenn anba lyen Fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan adrès lakay ou /oswa nimewo telefòn ou. Nou espere komunikasyon ouve ant kay la ak lekòl la paske sa se youn nan kle ki pi enpòtan pou siksè akademik nan lekòl la.

Sistèm Notifikasyon nou an pèmèt manm pèsònèl la kontakte paran yo atravè mesaj elektwonik, tèks, ak mesaj vèbal ki anrejistre sou telefòn lan. Atravè sistèm sa a, paran yo resevwa enfòmasyon ijan rapid sou gwo evènman, oswa dat k ap vini yo. Pou asire sistèm sa a ap kontinye fonksyone nan yon fason trè efikas, li enpòtan anpil pou nou gen enfòmasyon ki ajou, nan dosye chak elèv.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou kenbe kontak ou ajou, tanpri vizite sit entènèt EPS la : <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade nan tab "Rete Konekte" epi swiv enstriksyon yo bay sou fason pou mete enfòmasyon ou ajou sou PowerSchool.

Anplis de sa, tanpri konsidere ofri sèvis volontè pou sipòte Òganizasyon Paran/Pwofesè (PTO) nan lekòl pitit ou. PTO bay anpil opòtinite pou fanmi ki nan kominote lekòl la pou patisipe epi rete konekte. Tanpri, asire ou enskri epi aprann plis sou anpil resous ki disponib pou pitit ou isit la nan Lekòl Piblik Elizabeth yo.

DISTRI/ ENFÒMASYON POU LEKÒL

Tanpri, asire ou revize epi ranpli anvan premye jou lekòl tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a. Anplis, mete ajou tout enfòmasyon pèsònèl ou regilyèman:

-
- Fòm Enfòmasyon pou Ijans
 - Avi Konsènan egzamen fizikal
 - Fòm Media Release
 - Fòm Pèmision Entènèt ak Rezo Elèv ak Règleman Elizabeth pou Itilizasyon Entènèt
 - Itilizasyon Akseptab Pou Teknoloji – Fòm Elektwonik Aparèy Mobil
 - Fon Koneksyon pou Ijans (ECF)
 - Aplikasyon pou manje midi
-

Pou w ka jwenn aksè nan dokiman obligatwa ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade tab “Fòm ak aplikasyon pou pitit ou” epi swiv enstriksyon yo.

Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3 Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3 Annex

700 Second Avenue, Elizabeth, New Jersey 07202 • Ph: 908.436.6230 • Fax: 908.436.6220
943 Bond Street, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.409.6372 • Fax: 908.436.6220
Email: campelje@epsnj.org • Website: www.epsnj.org



RÈGLEMEN SOU VAKSEN

Pre-K:

Tanpri, nou vle ou konnen Depatman Sèvis Sante Eta New Jersey chanje plizyè egzijans sou vaksinasyon. Tout timoun ki ale nan sant gadri ak lekòl matènèl ki gen lisans oblije pran vaksen kont grip chak ane.

Tanpri, li nesesè pou ou bay prèv pitit ou resevwa vaksen. Bay li pi vit posib e pa pita pase 23 Desanm 2025. N ap ranvwaye elèv ki pa gen dokiman nesesè apati **5 Janvye 2026**.

K-8:

Leta New Jersey rekòmande pou tout timoun ki fèt apre premye Janvye 1997, ki nan klas 6, **pou resevwa boustè dòz “diphtheria, tetanus and pertussis vaccine (Tdap)” ansanm ak dòz “meningococcal vaccine.”** Pote bay enfimyè lekòl la tout dokiman, papye vaksinasyon ki pwouve pitit ou k ap antre nan klas 6, nan dat ***Jedi 4 Septanm, 2025***.

Elèv k ap antre nan Klas 6zyèm ane, ki fèt nan dat oubyen apre ***Jedi 4 Septanm, 2025*** dwe pote lèt ekri ki soti nan men doktè, pou pwouve elèv la gen randevou pou al pran vaksen yo. Randevou a dwe ekri 2 semèn anvan pitit ou genyen 11 zan. Paran dwe soumèt dokiman vaksinasyon an rapidman apre randevou a. Lalwa oblije Distri Lekòl Piblik Elizabeth pou asire tout elèv resevwa vaksen yo mande yo.

Timoun ki pa satisfè egzijans vaksen oswa ki pa gen dokiman pou yon randevou vaksen nan 2 semèn apre yo fin gen 11 zan pap kapab rete lekòl la. Lekòl la ap voye yo tounen lakay yo kòmanse premye jou lekòl la.

TRANSPÒTASYON

Men ki elèv ki kalifye pou jwenn transpòtasyon:

- Elèv elemantè ki abite plis pase 2.0 mil de lekòl yo
- Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 2.5 mil de lekòl yo
- Elèv ki gen IEP ki gen sèvis transpò

Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3
Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3 Annex

700 Second Avenue, Elizabeth, New Jersey 07202 • Ph: 908.436.6230 • Fax: 908.436.6220
943 Bond Street, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.409.6372 • Fax: 908.436.6220
Email: campelje@epsnj.org • Website: www.epsnj.org



RETOUNEN LEKÒL ASWÈ

N ap tann pou nou rankontre paran/gadyen nan Sware Retounen Lekòl la, nan jou **Jedi 25 Septanm, 2025:**

5:30 p.m. pou paran ak elèv Klas 6-8

6:30 p.m. for paran ak elèv Klas K-3 nan batiman prensipal la; elèv Klas 4-5 nan batiman Annex la.

N ap bay plis enfòmasyon nan jou k ap vini yo.

Nou espere nou tout ap kontinye jwi rèss Ete a. Ann kontinye ak misyon nou pataje ansanm pou nou reyafime ekite, retabli atant, ak reprann ekselans! Nou espere kòmanse yon lòt vwayaj ansanm *Jedi 4 Septanm*.

Sensèman,

Jennifer A. Campel
Direktris

Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3
Nicholas S. LaCorte Peterstown School No. 3 Annex

700 Second Avenue, Elizabeth, New Jersey 07202 • Ph: 908.436.6230 • Fax: 908.436.6220
943 Bond Street, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.409.6372 • Fax: 908.436.6220
Email: campelje@epsnj.org • Website: www.epsnj.org